

## Yon ti bilan sou 2018 ... epi an n gade pou pi devan

Chak mwa CRAN konn reyini nan twazyèm dimanch. Nan mwa novanm ak desanm ki sòt pase a, nou te gade pou fè bilan sou sa k pase ak kote peyi a ye. Nou mande : ki espwa n pou pi devan ?

Li sèten , tout moun nan rankont nou yo pa wè tout kesyon yo menm jan. Men nou kontinye pale ak fè echanj youn ak lòt, paske nou kapab aprann nan men youn lòt. Nan mitan tout diferans ki genyen, gen sa n tonbe dakò sou li, gen sa n pa rive dakò tou. Men se sa k richès diferan lide ki nan gwoup refleksyon an.

- Nou pa kapab apwouve vyolans k ap fèt sou moun, manke respè pou lavi moun jan sa konn fèt nan manifestasyon yo, nan konpòtman lapolis pafwa, ak jan sa te fèt samdi ki 25 novanm nan Malpas, kote moun mete dife sou byen Leta epi touye plizyè ajan ladwàn. Lajistis dwe klarifye kesyon an. CRAN prezante kondoleyans li bay viktim yo ak fanmi yo. Dwe gen sanksyon kòm sa dwa ... men malerèzman otorite yo abitye pwomèt, san yo pa fè. Epitou yo mize pou pale, epitou, aksyon yo manke efikas. Si yon bagay konsa rive fèt, se paske Leta pa t pran epi kontinye pa pran responsablite l devan kesyon kontrebann ak tou kalite vyolans.
- Se konsa sa te ye tou nan kesyon masak ki te fèt anba lavil nan zòn Lasalin. CRAN sansib anpil pou viktim yo ; li prezante tout senpati l bay yo. Evènman an fè n sonje plizyè masak nan tan pase yo ... Site Solèy (27 desanm 1993), Raboto (22 avril 1994), Jan Rabèl (23 jiyè 1987), ... ak plizyè lòt. Jistis ak verite se kondisyon pou avansman peyi a. Ki valè lavi moun nan peyi a genyen si pratik masak yo kontinye ap fèt san pa gen sanksyon reyèl pou pini koupab yo, nenpòt ki moun yo ye ?
- Pandan n di sa, nou sonje tou lamizè ak grangou se rezilta vyolans yo ye k ap dominen sosyete a, moun pa dwe asepte. Lamizè se sous kòlè, fristrasyon ak vyolans.
- Nan rankont nou yo, patisipan yo pote anpil enfòmasyon ki mande bon jan verifikasyon. Nou pa kapab nan voye monte. Ki jan sa ye ak konfli ant responsab Lapolis ak Palè nasyonal la? Ki jan sa ye ak pakèt otorite ki mele nan zafè gang ? Otorite ki kite chèf gang yo chape lè sa nesèsè ? **Tout rimè sa yo diminye otorite responsab yo nan peyi a, paske Lajistis pa janm fè laverite.** Ou ta rive kwè tout otorite gen « iminite » tankou yon lisans pou fè sa yo vle, menm pou detwi peyi a.
- N ap viv nan yon sosyete ki plen ak ipokrizi ... moun pè moun ... konfyans youn dwe fè lòt nan sosyete a kaba ... **Mefyans sa a se gwo maladi k ap manje relasyon sosyal yo.** Otorite ki nan plas ak lidè opozisyon yo tou parèt tankou moun k ap chèche oswa pwoteje pouvwa yo san gade dèyè. Li pa fasil pou retabli konfyans nan fanmi yo, nan katye yo ak nan sosyete a. Li mande plis pase bòn volonte sèlman. Epoutan, nou pa kab avanse si sa pa kapab fèt.

- Leta a fè fayit, li echwe ... li plen pwoblèm estriktirèl, nan jan chapant li bati. Gen relasyon sosyal yo, gen gwo distans ant moun rich ak moun pòv ; gen tout sistèm Leta yo ki la, ki koute kòb, men pi fò nan yo pa fonksyone. Pa gen sèvis sosyal pou pòv ak malere, edikasyon an plen ak pwoblèm ; Lajistis pa regle anyen, prizon yo plen moun (sitou jèn nan katye popilè yo) ki nan detansyon prevantiv pwolonje ; lasante pou malere se pa pale, lè pa gen lajan se bliye sa. Men moun pa wè ki sa Gouvènman an pote pou amelyore sitiyasyon an. Popilasyon an pa kapab tann ankò.
- Bò kote popilasyon an, fristrasyon an vin jeneral. Otorite yo pa kab jere yon peyi ak sèl pwomès. Lajan pa kab depanse san popilasyon an pa jwenn sèvis. Moun yo pa kab peye taks ki mal separe, san yo pa wè rezilta. Pa dwe gen pakèt moun k ap touché sale nan Leta a, si yo pa bay bon sèvis ak ranman.

Peyi pa kab kontinye mache konsa. Chak jou se twòp atò. Goud la pèdi valè devan lajan etranje yo. Yo di Leta pa gen kòb, men gen pakèt lajan y ap simen nan katye popilè pou achte lagè, pou achte lapè. Zam ap sikile, san Gouvènman pa pran okenn mezi. Ak ki lajan gang ap achte zam ak bal ? Ki kote Leta a jwenn lajan pou jere gwoup ak zam, tandiske pa gen lajan pou peye salè pwofesè, pou ede moun nan bezwen, pou òganize lopital piblik ak sèvis sosyal ? **Lè yo di pa gen kòb, se manti y ap bay, paske ki kote lajan PetwoKaribe a pase ?**

Yo dwe pran yon seri mezi prese prese, paske peyi a malad grav.

### **Men kèk chimen ki enpòtan.**

1. **Konstitisyon peyi a merite bonjan refòm oubyen bonjan aplikasyon.** Nou pa wè tout bagay ki nesèsè parèt nan travay komisyon Lachanm nan mete devan n.
  - a. Lè gen pwoblèm nan peyi a, Prezidan an pa kab di « mwen pa reskonsab », pou voye chay la sou Premye minis la. Prezidan an tou dwe reponn pou sa k pase mal nan peyi a. Konsa, gen moun ki panse yo dwe chanje kesyon Premye minis pou mete yon Visprezidan nan plas li.
  - b. Palmantè yo pa dwe ajan devlopman ki anpeche majistra kominal yo fè devwa yo. Peyi a bezwen bon jan desantralizasyon kote chak otorite Leta fè devwa l. Palman an dwe fè lwa ki pou fè peyi a avanse.
  - c. Dwe gen mekanis ak enstans kontwòl nan chak nivo Leta: UCREF, ULCC ak CSC/CA dwe desantralize yo menm tou pou asire otorite yo ap fè sa k dwe fèt nan chak nivo.
  - d. Ministè yo k ap jere gwo sektè yo dwe byen fè travay yo, tankou: agrikilti, santé, edikasyon ak afè sosyal kote gwo pwoblèm poze pou popilasyon an.
  - e. Nominasyon pou mete moun nan Leta yo pa dwe fèt nan moun pa. Pwosedi yo dwe klè sou fòmasyon fonksyonè Leta yo dwe genyen, pou tout anplwaye yo byen motive ak konpetan, epi pou elimine tout pratik eksklizyon.
2. **Sosyete a pa dwe bliye PetwoKaribe a ak diferan lòt dosye koripsyon yo (CIRH, Teleco, ONA, el.).** Pwosè yo dwe fèt kòm sa dwa, nan jistis. Otorite yo dwe rann kont; nenpòt moun ki koupab dwe reponn devan Lajistis. Se vre, pwose sa yo pa dwe yon zam pèsekisyon politik. Men **manèv politik la pa dwe yon zouti pou kache verite epi pou pwoteje sa k koupab.**
  - a. Yon gwo preyokipsyon se zafè Lajistis ki paralize. Pou Lajistis kapab fonksyone kòm sa dwa nou dwe gade wòl Komisè Gouvènman yo genyen kounye a.

Komisè Gouvènman an (Ministè piblik la) pa dwe yon wòl politik jan sa ekri nan Konstitisyon, atik 240, paske ki jan l kapab defann sosyete a, si se Gouvènman an ki mete l pou asire enterè politik pa l?

- b. Prezidan an tou dwe rann kont epi reponn devan Lajistis si gen endikasyon ki ta montre li mele nan koripsyon, menm si se apre manda l.
3. CRAN panse yon dyalòg pa kapab fèt an kachèt jan sa ye kounye a. Poutèt sa, CRAN plede pou **yon vre konferans nasyonal**. Dapre nou menm, yon dyalòg nan mitan sektè yo jan sa fèt kounye a pa kapab pote yon solisyon pou pwoblèm k ap boulvèse peyi a.
4. **CRAN plede pou tout siwayen ak sitwayèn aji pi plis ak responsablite :**
- a. Otorite yo dwe konnen yo responsab pou chak zak yo poze nan kad travay yo konfyè yo a.
  - b. Sosyete sivil la dwe konnen li responsab, si li pa pote vwa siwayen ak sitwayèn yo byen wo pou tout moun tandè l.
  - c. Otorite Leta yo dwe konnen, menm lè manda yo fini, yo toujou kapab egzije yo rann kont pou jesyon yo a. Dosye petwoKaribe dwe montre sa aklè.

CRAN swete pou lane 2019 ki devan louvri lòt chimen pou peyi a, pou gen plis jistis, amoni ak tèt ansanm nan mitan siwayen ak sitwayèn yo, ki pou fè espwa jèmen nan kè, lespri ak lavi tout moun.

Pòtoprens, 26 desanm 2018

Pou CRAN,

Pierre Yoldy Clermont, TKL, cell. 4242 5501

Rateau Jn Ulrick, ASOKOPEG, cell. 3694 4450

Philomé Lucien, KLAM, cell. 3720 7416

Louicy Niclais, cell. 3714 0024

Jn Guillaume Vivianette, CRAN

Me Chrisnel DORSAINIL, CREE, cell. 3727 4593

P. Jan Hanssens, cicm, CONASCH, coordonnateur CRAN, cell. 4084 3139

## Un petit bilan de 2018 ... et quelques perspectives

Chaque troisième dimanche du mois, la CRAN (un groupe de réflexion qui réunit de personnes qui militent dans diverses organisations) se rencontre. En novembre et décembre de 2018, nous nous sommes mis à faire un bilan de ce qui se passe dans le pays et posons la question : quel espoir y-a-t-il pour demain ?

Un fait est certain, tous les participants dans les rencontres ne partagent pas nécessairement les mêmes opinions sur chaque question. Mais nous continuons à échanger, parce qu'il est nécessaire d'apprendre de l'autre. Au milieu des opinions divergentes, il y a des points communs qui se dégagent et des différences qui persistent. Ceci est la richesse des échanges d'idées dans le groupe de réflexion.

- La CRAN ne peut être d'accord avec les violences sur les personnes et le manque de respect pour la vie des gens qui se produisent quelques fois lors des manifestations, ou qui font partie de certains comportements de la police. Des actes de violence constituent des événements tragiques comme ce qui s'est produit à Malpasse le 25 novembre, quand des gens ont mis le feu aux biens de l'Etat et plusieurs agents de la douane ont perdu la vie. CRAN présente ses condoléances aux victimes et leurs familles. La Justice doit clarifier les choses et fixer les responsabilités. Oui, il faut des sanctions correctes ... mais malheureusement les autorités promettent sans y mettre la main. Ou bien elles tardent à condamner, ou leurs actions manquent d'efficacité. Si des faits de ce genre peuvent se produire, la raison en est que l'Etat ne prend pas ses responsabilités dans les questions de la contrebande et de la violence de tout genre.
- Le même constat se fait lors du massacre au bas de la ville dans la zone de La Salines. CRAN est sensible au sort des victimes et elle leur présente ses sympathies. L'événement éveille le souvenir de tant de massacres dans le passé ... Cité Soleil (27 décembre 1993), Raboteau (22 avril 1994), Jean Rabel (23 juillet 1987), ... et tant d'autres par après. Justice et vérité sont des conditions pour faire avancer le pays. Quelle valeur représente la vie humaine si la pratique des massacres peut continuer sans qu'il y ait de sanctions réelles et impartiales pour les coupables?

- En disant cela, il faut bien être conscient que la misère et la faim sont également des produits de la violence [structurelle] inacceptable qui domine la société. Cette misère à son tour nourrit la colère, les frustrations et la violence.
- Dans nos rencontres les participants apportent de nombreuses informations qui demanderaient de bonnes vérifications. On ne peut pas céder aux rumeurs non vérifiées. Comment comprendre le conflit qui existerait entre les responsables de la Police et le Palais national ? Quelle autorité se sert de quel groupe armé ? Quelles sont les autorités qui permettent aux chefs de gang de s'évader avant que la police n'intervienne ? **Toutes ces rumeurs diminuent l'autorité des responsables dans le pays, parce que la Justice n'établit la vérité sur aucune de ces rumeurs.** On finirait par croire que l'immunité des autorités puisse servir à n'importe quoi, même à détruire le pays.
- La société est pleine d'hypocrisie ... la confiance nécessaire pour construire une société est à un très bas niveau ... **La méfiance ronge les relations sociales.** Les autorités en place, tout comme les leaders de l'opposition paraissent comme des gens qui cherchent à conquérir ou bien à défendre leur pouvoir à tout prix. Il est difficile de rétablir la confiance à l'intérieur des familles, des quartiers et dans la société ; la simple bonne volonté ne suffira pas. Et pourtant il s'agit d'une condition pour avancer.
- L'Etat fait faillite, il a échoué ... les problèmes structurels le paralysent. Voyons les relations sociales et la grande distance entre riches et pauvres. Tout un appareil de l'Etat est mis en place qui coûte cher, mais en grande partie il ne fonctionne pas. Il n'y a pas de services sociaux pour les pauvres ; l'éducation est chargée de problèmes ; la Justice ne résout aucun dossier, les prisons sont remplies de gens en détention préventive prolongée, avec surtout des jeunes des quartiers populaires. Passons sous silence l'accès des pauvres aux soins de santé : on peut bien l'oublier s'il n'y a pas d'argent. La population ne voit pas ce que le Gouvernement apporte pour améliorer la situation. La population est au bout de ses forces.
- La frustration des gens est généralisée. Les autorités ne peuvent continuer à gouverner le pays avec de simples promesses. L'argent ne peut être dépensé sans qu'il y ait des services sociaux correspondants. Les taxes ne peuvent peser seulement sur une partie de la population et sans produire des résultats. Pourquoi payer tous ces salaires étatiques, si ceux qui touchent n'offrent pas des services et du rendement.

Le pays ne peut continuer sur cette voie. Chaque jour en est un de trop. La gourde perd de sa valeur devant les monnaies étrangères. On répète que l'Etat ne dispose pas de l'argent, mais des fortunes sont distribuées dans les quartiers populaires pour acheter la guerre ou la paix.

Les armes circulent, sans aucun contrôle de la part du Gouvernement. Avec quels moyens les bandes armées se procurent-elles des armes et munitions ? Où l'Etat trouve-t-il de l'argent pour gérer les groupes armés, tandis que l'argent manque pour payer les salaires des professeurs, pour aider les nécessiteux, pour organiser les hôpitaux publics et les services sociaux ? Quand on prétend il n'y pas de moyens, c'est du mensonge : où est passé l'argent de Petro Caribe ? Il faut des mesures sans tarder, parce que le pays est gravement malade.

### **Des chemins qui nous semblent importants**

**1. La Constitution du pays mérite une bonne réforme ou bien il faut bien se décider pour en faire une bonne application.** La CRAN n'a pas découvert tout ce qui poserait problème dans la Constitution dans les propositions de la Commission camérale.

- a. Quand des problèmes se posent dans le pays, il semblerait évident que le Président ne puisse se mettre hors de la mêlée pour mettre seulement son Premier ministre en cause. Le Président également doit avoir sa part de responsabilité. Ainsi, certains pensent (comme solution) qu'il faudrait remplacer le Premier ministre par un Vice-président.
- b. Les parlementaires ne devraient pas se comporter en agents de développement qui empêchent les magistrats communaux de jouer leur rôle. Le pays mérite plutôt une bonne décentralisation qui permette à chaque autorité de l'Etat de se savoir responsable. Le Parlement doit se concentrer davantage sur son devoir législatif pour l'avancement du pays.
- c. Les mécanismes et instances de contrôle doivent être décentralisés et présents à chaque niveau de l'Etat : l'UCREF, l'ULCC et la CSC/CA doivent assurer que chaque autorité à son niveau accomplisse son devoir.
- d. Les Ministères responsables des gros secteurs et qui adressent les grands problèmes de la population doivent être plus efficaces, comme : l'agriculture, la santé, l'éducation et les affaires sociales.
- e. Les nominations pour les fonctions étatiques doivent se faire dans la transparence. Les procédures doivent être claires sur les compétences requises ; tous les fonctionnaires doivent être motivés, compétents et travailler sans exclusion de personnes.

**2. La société ne devrait pas enterrer la question de Petro Caribe et les autres dossiers qui regardent la corruption (comme CIRH, Télécom, ONA, etc.).** Il faut arriver à de vrais procès selon la loi. Les autorités doivent rendre des comptes ; les coupables doivent répondre par devant la justice. Certes, ces procès ne doivent pas être des outils

de persécution politique, mais on ne peut nullement accepter que des **manœuvres politiques deviennent des moyens pour cacher la vérité et protéger les coupables.**

- a. Une grande préoccupation concerne la paralysie de la Justice. Pour que la Justice puisse fonctionner correctement, il faut bien questionner la position actuelle du Commissaire de Gouvernement. Le Commissaire de Gouvernement (ou Ministère public) doit intégrer pleinement le système judiciaire et ne pas figurer parmi les fonctions politiques, comme défini par la Constitution (article 240) : comment pourrait-il défendre la société, s'il est nommé par le Gouvernement qui lui impose ses propres choix politiques ?
  - b. Le Président également doit rendre compte et répondre par devant la Justice s'il y aurait des indications qu'il soit impliqué dans des actes de corruption, même si cela se fait après avoir terminé son mandat.
- 3.** La CRAN croit qu'un dialogue ne peut se faire en cachette comme cela se fait actuellement. Pour ce motif, **la CRAN plaide pour une vraie conférence nationale.** Le dialogue intersectoriel actuellement en cours ne peut apporter une solution pour les problèmes qui agitent le pays.
- 4. La CRAN demande que tous les citoyens et citoyennes du pays agissent avec un plus grand sens de responsabilité :**
- a. Les autorités doivent se savoir responsable de chacun de leurs actes dans le cadre du mandat qui leur est confié.
  - b. Les organisations de la société civile doivent se responsabiliser davantage et devenir de porte-voix forts pour faire entendre les revendications citoyennes par toute la société.
  - c. Les autorités de l'Etat doivent être conscientes que, même après avoir terminé leur mandat, on peut toujours exiger qu'elles rendent compte de leur gestion. Le dossier Petro Caribe devrait en donner la preuve irréfutable.

La CRAN souhaite que l'année 2019 qui s'annonce, ouvre de nouvelles perspectives pour le pays, pour qu'il y ait davantage de justice, d'harmonie et d'entente entre les citoyens et citoyennes, de sorte que l'espoir puisse germer dans le cœur, l'esprit et la vie de tous et de toutes.

Port-au-Prince, 26 décembre 2018